

**Ann prepare n pou n vin
YON KOMINOTE
TOUT MOUN RENMEN**

Nenpòt kote ou ye, pou Peryòd lavan an chak ministè Episkopal yo ap resevwa envitasyon pou yo prepare yo pou yo resevwa ministè Jezikri a nan rekonsilyasyon ak reparasyon. Ouvè anvlòp sa a epi ou va jwenn yon pankat ak yon bon valè resous ki ap gide w nan priyè kominotè, nan refleksyon ak aksyon. Gen resous adisyonèl ak espas pou moun pale youn ak lòt sou sit sa a:
www.episcopalchurch.org/beloved-community.

Office of the Presiding Bishop

The Episcopal Church
815 Second Avenue
New York, NY 10017

Tande vwa yon moun k ap rele byen fò:-Pare chemen Senyè a nan dezè a. Louvri yon wout nan savann lan pou bondye nou an,...Seyè a pral fè wè pouvwa li a, epi tout moun pra l wè li an menm tan.-Ezayi 40:3-5

Peryòd lavan se yon epòk pou nou fè preparasyon: Achte kado, dekore kay ak legliz. Peryòd lavan an se yon epòk tou pou nou prepare kè nou ak kominote nou yo pou Kris k ap vini, Bondye tou pisan an ki te vin pami nou, nou menm ki te pòv e ki te yon bann endijan. Li te yon etranje yon timoun. Pa gen pi bon moman pase nan epòk sa a, pou nou menm nan Legliz Episkopal pou reflechi sou kouman n ap ouvè de bra n bay Moun sa a ki sen an ki kontinye ap ede n atire vwazen, etranje, refijye, oubyen moun ki pi pa sanble ak “zòt” nan je pa nou. Se yon sezon ki ideyal pou nou pran yon angajman pou nou vini yon Kominote tout moun Renmen, yon kominote ki ap grandi nan renmen, nan libere, nan relasyon ki bay lavi toutpatou nan fanmi pitit Bondye yo.

N ap fè chemen sa a nonsèlman etan kretyen nan nivo endividyèl epi nan nivo kongregasyon, men ansanm ak tout legliz la. Pou prentan sa a Evèk Alatèt la Michael Curry ak Prezidan Lachanm Depite a Gay Clark Jennings ak staff k ap travay pou yo te pataje yon dokiman avèk sou kesyon sou “Kouman pou nou tounen yon kominote legliz tout moun renmen,” e sa se yon nouvo vizyon ki etale angajman Legliz Episkopal la sou kesyon reparasyon rasyal, rekonsilyasyon, ak jistis. Gen yon dezyèm dokiman ki yon resous tou—“Kouman pou nou tounen yon kominote legliz tout moun renmen nan kote nou ye a,” – dokiman sa a detaye anpil fason yon moun, yon kongregasyon kapab fè kèk aksyon konkrè ki va mennen chanjman ak reparasyon. Tout enfòmasyon sa yo disponib nan sit wèb sa a: www.episcopalchurch.org/loved-community, ansanm ak yon pakèt resous pou moun ki vle aji ak lafwa epi nan refleksyon ak aksyon.

Tout pelerinaj sa a se yon pelerinaj ki ap santre otou yon labirent. Pou ki sa? Pou ministè reparasyon sosyal ak jistis la, pa gen youn nan nou ki mache sou yon linye dwat nèt ale. Nou antre nan labirent lan nenpòt kote Bondye fè yon ouvèti pou nou—yon ouvèti k ap di nou laverite osijè istwa legliz la sou kesyon rasyal yo: pandan n ap byen suiv epi n ap poklame rèv Bondye pou n devlope yon Kominote legliz tout moun renmen; pandan n ap aprann epi n ap pratike fason Jezikri pote lagerizon ak fason Jezikri renmen. An menm tan tou n ap travay ak tout fòs ak kouraj pou nou transfòme enjistis rasyal ki sistemik. N ap deplase soti nan yon kadran nan labirent lan pou nou ale nan yon lòt epi retounen kote n soti a ankò. Pèsonn pa janm soti ladan nèt. Se pratik sa a ki asire yon fòmasyon esprityèl k ap kontinye.

Pandan n ap mache nan chak seksyon nan labirent sa a, epi n ap fòme gwoup moun kote n ap pratike pawòl labib la ansanm pou sa ede nou jwenn moun k ap fasilite n pou òganize sesyon ki kab ba nou yon avan gou avèk tout prekosyon. Se pou nou mete 45 minit apa pou chak sesyon sa yo epi fè lide sèvi ak **Ti Konsèy sa yo pou fè konvèsasyon**: *Pale de esperyans ou fè nan lavi pa wou. Tout enterese koute sa lòt moun ap rakonte. Ou kab pa dakò ak yon koze san okenn moun pa oblije gen tò pou sa. Evite fè deba epi suiv fil istwa a. Chache prezans Jezikri nan lòt moun epi chache yon jan pou nou enkòpore fason Jezikri travay pou li ede n tounen yon sous ki bay lavi.*

W ap jwenn dokiman ou kapab enprime fasil an liny pou ni labirent lan epi pou chak sesyon ebdomadè yo – ansanm ak lòt aktivite kòm altènatif nan diferan kontèks nan sit wèb sa a: www.episcopalchurch.org/beloved-community. Pa ezite esplore ofrann chak nou yo ak konvèsasyon nou toujou kontinye fè sou Facebook, Twitter, ak Instagram.

Evèk ki Alatèt la, Michael Curry envite nou pa sèlman viv etan manm yon legliz men etan branch Episkopal nan Mouvman Legliz Jezikri a. Yon mouvman ki ap kontinye suiv Jezikri nan montre nou jan nou youn renmen lòt, epi nan chache yon relasyon ak Bondye ki libere nou, aksyon ki bay lavi tou epi nan chache etabli relasyon ant youn ak lòt epi ak anviwonman. Se pou Bondye beni nou epi fè nou grandi alimaj Jezikri la ki toujou ouvè bra ban nou epi Jezikri n ap suiv la, nan sezon Lavan sa a epi pou pou tout tan gen tan.

Ekip Rekonsilyasyon Rasyal Legliz Episkopal la: [www.episcopalchurch.org/reconciliation - reconciliation@episcopalchurch.org](http://www.episcopalchurch.org/reconciliation-reconciliation@episcopalchurch.org)

Peryòd Lavan an I **Ann di laverite sou kesyon rasyal yo nan legliz nou an**

Fè priyè kòlèk la pou dimanch sa a

Li pasaj Labib sa yo ansanm pou dimanch sa a: Mak 13:24-72

Refleksyon: Rete ak je w ouvè

Nan levanjil la, Jezikri pwomèt gen yon jou nouvo k ap vini. Li mande nou tou pou nou reveye n pou nou pare tann jou sa a. Ki sa sa vle di pou nou? Youn nan premye pa e pa ki pi difisil pou nou pran pou n vin yon kominote ki reflete rèv Bondye a se di laverite. Tankou sèvitè yo te kite dèyè yo, nou kab anvè fèmen je nou sou sèten bagay, men gen gras Bondye ak laverite lè nou egzamine istwa legliz nou an epi lè n ap fè limyè sou bagay yo te rache fèy kouvri sa. Jezikri mande pou nou gade sa k ap pase toutbon vre epi mande Bondye ban nou fòs pou nou kapab viv yon vi nouvo.

Nan labirent lan: Di laverite sou legliz nou yo epi sou kesyon rasyal

Nou pap kab devni sa Bondye deside pou n devni an san nou pa analize ki kalite moun nou te ye epi ki kalite moun nou ye kounye a. Ki sa nou ye, etan yon gwoupman legliz? Ki gwoup nou asepte, ki gwoup nou pa asepte? Ki kalite bagay ou kite san fèt etan yon legliz?

Fè sa tounen yon verite: Sa pou n fè anndan legliz la epi deyò legliz la

Rasanble an ti gwoup ki pa plis pase uit moun kon sa (o maksimòm). Pataje **ti konsèy pou konvèsasyon** sa yo ki nan lèt pou akeyi nou an. Kounye a mande chak moun eseye sonje yon moman an patikilye kote li te santi moun te byen resevwa l, kote l te santi yo te koute sa l gen pou l di, lide li yo, epi yo te apresye prezans li (si sa pat janm rive, imajine sa an detay). Rasanble de pa de epi rakonte moun ki bò kote w la sa, nou chak pou omwen yon minit.

Aprè sa chache sonje kèk moman nan vi w kote yo pat byen resevwa w, kòm si sa w te gen pou w di yo, lide w yo, prezans ou pat vle di anyen pou moun yo ou pat santi yo te byen akeyi w. Pataje lide sa a ak menm moun ki ansanm avè w la. Aprè sa reflechi sou lide sa yo an ti gwoup. Ki jan w te santi w lè w tap esplike jan w te santi w lè yo te byen akeyi w? Oubyen lè yo pa byen akeyi w? Lè w tande istwa pa yon lòt moun kouman ou santi w? Ki sa ou te aprann?

Kounye a ak tout gwoup la, pran yon fèy papye byen laj epi fè plizyè sèk youn anndan lòt.

- Ki gwoup etnik, ki gwoup rasyal, ki moun ki gen lòt kilti ki santi sa yo di, oubyen ki santi prezans yo, lide yo gen valè pou moun nan kongregasyon an jodi a? Ki gwoup moun ki te santi yo te byen akeyi yo e ki te ede mete legliz la sou pye depi legliz la fòme? Ekri non gwoup sa yo nan sèk ki pi nan mitan an.
- Ki gwoup etnik, gwoup rasyal oubyen moun lòt kilti ki pa la oubyen yo pa byen asepte yo nan kongregasyon w la jounen jodi a menm si yo rete nan zòn nan, nan yon vil ki tou pre a oubyen nan bouk la? Ki gwoup legliz ou a pat akeyi oubyen te mete aleka anvan sa? Ekri non gwoup sa yo nan sèk ki pi laj yo.

Kouman w santi w lè w ap raple w de bagay sa yo epi lè w ap pale de yo? Ki kote ou wè legliz ou a kab vin yon kominote tout moun kapab renmen? Make lide sa yo ansanm.

Priyè final: Ou kapab wè nesosite pou w di Bondye mèsi pou gras li, bon konprann li ak renmen li ki san parèy la. Ou kab wè nesosite pou w remèsye l tou pou onekte, pou fòs ak kouraj ak feblès moun rive pataje ak lòt nan sesyon sa yo. Ou kapab tounen al dèyè pwomès Jezikri fè nou pou l padone nou epi pou l ban nou yon nouvo lavi.

Peryòd Lavan an 2

Pwoklame rèv kominote legliz tout moun renmen an

Fè priyè kòlèk la pou dimanch sa a

Li pasaj labib sa a: Mak 1:1-8

Refleksyon: Pwoklame Bon Nouvèl la

Bondye te voye Janbatis pou li te pwoklame bon nouvèl la pou nou kab repanti, jwenn padon nan men l epi kase tèt tounen vin jwenn li nan rèv nou genyen pou yon restorasyon ak sali. Janbatis se pat rele li tap rele nan dezè a ase; li te prepare moun yo pou yo te kapab antre nan dlo batèm nan, pou yo pataje verite ki pi pwofon nan lavi yo ak lòt moun, epi pou yo soti nan dlo tou prepare pou yo repare epi rekonsilye lavi yo ak Bondye epi ak pwochen nou yo.

Nan labirent lan: Pwoklame rèv kominote legliz tout moun renmen an

Reparasyon, rekonsilyasyon, ak jistis se gwo manman lide, men yo tout kòmanse chèche konnen istwa pa nou. Yo kòmanse tou nan pataje istwa, evènman nou te viv ansanm, ak bagay nou tout nou anvi. Lè w byen koute sa moun legliz ou yo ap di, sa vwazen ou yo ap di, ak sa moun nan kominote ou yo ap di ki sa ou tande ? Ki sa moun te rive viv nan kesyon rasis la, nan kesyon diferan gwoup etnik yo, ak moun ki soti nan diferan kilti yo? Èske gen kèk vizyon kote plizyè moun gen menm vizyon an sou kesyon kominote legliz tout moun renmen. Ki angajman kolektif nou kab pran ansanm. Ki konpòtman ak angajman nou kab pran ansanm ki ta kab ede nou kòmanse prepare travay pou kreye Kominote tout moun renmen an?

Fè sa tounen yon reyalite: Sesyon tande ak aprann yo

Rasanble an gwoup ki pa gen plis pase sèt moun kon sa. Repase **ti konsèy sou konvèsasyon yo** ki nan lèt yo te voye pou akeyi w la. Mande chak patisipan rakonte yon istwa ki ap sèvi ak youn nan ribrik sa yo. Kite chak moun pale pandan omwen 2 minit, ret an silans pou yon ti moman epi pa fè okenn diskisyon ant istwa yo. Chak gwoup ta dwe chwazi yon moun ki la pou veye lè pou chak moun pou l fè chak konnen lè yo ret 30 segonn pou yo fin pale, lè yo ret 10 segonn epi lè tan yo fini nèt.

1. Lè m ap mache nan katye sa a, vil sa a, oubyen nan kominote sa a, men sa n santi....
2. Lè m ap gade katye sa a, vil sa a, oubyen nan kominote sa a men rèv mwen pou li...

3. Pou mwen menm, yon Kominote legliz tout moun renmen sanble ak yon bagay kon sa...
4. Anviwonman sa a te fè m santi ki koulè mwen ye vre lè mwen...
5. Sa te fè m tris lè m gade kesyon ras la sou katye nou an, nan bouk nou an epi nan kominote nou an, lè ...
6. Mwen te trè rekonesan pou jan mwen wè kesyon ras la nan katye nou an, nan bouk la epi nan kominote a, lè...
7. Pou m ankouraje kesyon yon Kominote legliz tout moun renmen an mwen konte fè...

Bay chak moun yon chans pou l rakonte istwa pa l. Si gen tan, bay chak moun yon chans pou li chwazi yon lòt ribrik. Kite 10 minit apa pou nou debat kesyon ki anba yo:

- Ki sa ki te etone w? Èske gen yon istwa yon moun rakonte ki chanje pwennvi w sou yon sitiyasyon oubyen sou yon lide kèlkonk?
- Ki istwa, ki pèspektif ou ta renmen tande pwochèn fwa? Kouman ou ta kapab fè pou envite menm moun sa yo vin chita tande epi vin chita aprann ?

Priyè final: Ou kapab mande pou gen relasyon ki gen plis pofondè ant ou menm ak vwazen ou yo—vwazen ki diferan de moun ki nan diferan gwoup ki rasanble yo. Ou kab souliyen rèv chak moun te rakonte, epi fason rèv yo te ann akò ak rèv Bondye a pou reparasyon ak amoni ak tout lanati.

Peryòd lavan 3

Pratike renmen ki nan kè n nan fason Jezikri te fè sa

Fè priyè kòlèk la pou dimanch sa a

Li pasaj labib sa yo ansanm: Ezayi 61:1-4, 8-11

Refleksyon: Bagay ki ajite kè nou

Pwofèt Izayi te deja anvizyone yon kominote ki sen kote tout moun ap fleri epi y ap chache wè byen pou lòt moun nan kominote a epi tout sa kòmanse avèk konsekasyon Lespri Sen an. Konbyen fwa nou fè yon ti kanpo nan aktivite nou epi nou mande Bondye pou li menm li ajite kè nou, pou li konsakre nou epi pou li ekipe nou pou pelerinaj sa a? Pa bliye se nou ki tout tan ap aprann epi k ap eseye suiv fason Jezikri te konpòte l sou tè a. Yon Jezikri ki beni nou e ki toujou ap montre nou fason limenm li viv ak renmen nan kè li.

Nan labirent lan: Pratike fason pou nou renmen tankou Jezikri

Kesyon renmen pwochen nou an se bagay ki mande fòmasyon, ki mande aprantisaj, ki mande pou nou pran yon angajman. Kouman chak nan nou kapab aprann fason pou nou rekonsilye, fè reparasyon k ap pwomouvwa lajistis o non Jezikri? Kouman nou kapab pratik pataje istwa lavi nou, devlope yon amitye ak moun menm lè gen divizyon antre nou, epi chache prezans Kris la nan “lòt moun”?

Fè sa tounen yon reyalite tout bon vre: Egzèsis Rive lwen ak lafwa

Rasanble an sèk kote pa gen plis pase 15 moun. Repase **ti konsèy sou konvèsasyon yo** ki nan lèt yo te voye pou akeyi w la. Kounye a kòmanse reflechi sou fason kongregasyon pa w la oubyen ministè pa w la pran angajman l nan renmen pwochen n, kit anndan legliz la kit deyò legliz la. Fè yon lis ministè ki pi enpòtan yo (pa plis pase twa). Pou chak...

- Raple w kouman legliz ou a te antame ministè sa a. Kilès ki te vin ak lide a? Pou ki sa lòt moun yo te dakò ak lide sa a?
- Dekri posesis nou te suiv nan kòmansman ministè a. Ki difikilte nou te jwenn? E ki sa nou te fè ki fè n te reyisi?
- Ki sa ou pat konnen nan kòmansman epi ki moun tou ou pat konnen nan kòmansman an ou vin konnen kounye a?
- Ki benediksyon ni wou ni legliz ou jwenn nan men Bondye akòz ministè sa yo?

Kounye analize konvèsasyon nou te genyen nan de premye semèn yo. Reflechi sou gwoup moun—nan kontèks rasyal, nan kontèks etnik, nan kontèks kiltirèl, men tou nan kontèks sosyo-ekonomik nan kontèks ideyolojik epi nan kontèks teyolojik- gwoup legliz la vire do ba yo oswa gwoup legliz la pat fin an amoni ak yo. Ak kilès nan gwoup sa yo ou ta swete legliz ou a ta devlope pi bon relasyon avè yo ? Lè gwoup ki fè sèk la fin deside, fè yon refleksyon ansanm sou sa:

- Kouman esperyans ministè ou dekri o kòmansman yo ta kab ede w abòde defi pou nou fòme nouvo relasyon difisil sa yo ? Kouman ou kab sèvi ak esperyans sa yo kòm yon kado ou kab ofri moun?
- Ki kalite nouvo fòmasyon ak nouvo abitud ou panse ki ta kab ede w fòme relasyon menm lè gen diferans ak divizyon? Èske se etid nan liv? Èske se fòmasyon sou kouman pou moun kraze sistèm rasis la? Èske se nan rakonte istwa? Èske se nan fè pelerinaj ? Èske se nan lapriyè? *(Pou enfòmasyon ki espesifik, tcheke sit wèb sa a: www.episcopalchurch.org/reconciliation)*

Priyè final: Ou kapab remèsye Bondye pou kèk kado espirityèl ki deja ap sèvi nan legliz ou a (tankou imilite, rezilyans, jenewozite, konpasyon, eksetera). Ou kapab mande Bondye pou l akonpaye w ak gras li lè w ap avantire w nan domèn ki gen diferans ak anpil dekouvèt.

Peryòd lavan 4

Repare Separasyon ki genyen nan enstitisyon yo epi nan sosyete a

Fè priyè kòlèk la pou dimanch sa a

Li pasaj sa a ansanm: Lik I:26-38

Refleksyon: Men mwen...

Imajine w Mari ki te trè jèn ki kalite sipriz li te pran lè li te fèk aprann li ansent ak Mesi a nan vant li. Bagay sa a enposib ! Olye l li fè bak devan gwo chay sa a Bondye lage sou do l la. Mari apiye sou pouvwa Lesprisen an epi li di: “wi”. Kesyon pou repare epi pou transfòme yon sistèm, yon estrikti, yon enstitisyon ki kraze nèt, kab sanble yon travay ki enposib pou nou. Nou kapab prete fòs ak kouraj Mari te genyen an epi pou tout legliz la di ansanm: “Men mwen, mwen se sèvitè Senyè a.”

Nan labirent lan : Repare divizyon yo nan enstitisyon yo ak sosyete a

Bondye vini sou latè sou fòm Jezikri akoz gwo anvi li gen nan kè l pou l repare lemonn. Ki mòd enstitisyon sosyal ak sistèm sosyal ki mande reparasyon nan zòn ou an? Ki kote ou remake gen sistèm ak estrikti sosyal ki gen enjistis rasyal ? Kouman nou kapab mete tèt nou ansanm pou nou repare enstitisyon ak sistèm sosyal sa yo?

Fè sa tounen yon reyalite: Egzèsis solidarite

Prezans Jezikri a si tèlman pre nou, nou kapab santi li. Reflech pou yon moman sou jan ou anvi wè Jezikri retounen. Apre yon ti moman an silans, an gwoup, chante ti chan sa a oubyen repete pawòl yo:

O vini non, O vini non, Emanyèl ak Izrayèl ki an kaptivite pou yon ranson
Ki ap soufri ann egzil bò isit la, jiskaske pitit Bondye a vini
Se pou nou rejwi, se pou nou rejwi, Emanyèl ap vin jwenn ou, O Izrayèl

Envite moun yo pou yo fè yon moman de rekèyman pandan y ap imajine kominote ki tou pre a oubyen ki byen lwen k ap ret tann yon ranson oubyen yon soulajman: moun tankou refijye, imigran ki swa gen papyè oubyen ki san papyè, prizonye ak moun yo anprizone nan sistèm jistis kriminèl la. Se pou nou fè yon moman de rekèyman tou pou moun ki viktim trafik vann moun, ak anpil lòt kalite abi. Ki sistèm enjistis ak enstitisyon mechan nan sosyete a ki fè moun ki pa blan gwo abi? Nan yon pozisyon lapriyè serye nonmen non sistèm sa yo avivwa. Apre nou fin nonmen non enstitisyon sa yo epi nou fin kapte yo byen, epi nou revize detwa Ti

konsèy pou konvèsasyon nou jwenn nan lèt ki di nou yo kontan resevwa nou an, reflechi sou lide sa yo an gwoup:

- Kilès nan sistèm sa yo oubyen enstitisyon sa yo ki kwaze chemen ak sa k ap pase nan legliz ou a ak kominote ou a ? Pa chwazi plis pase 2.
- Etan yon gwoup ki efò nou kab fè pou nou kontribye nan reparasyon ak transfòmasyon mòd sistèm nou sot mansyone la yo? Fè rechèch sou opsyon kon sa ki egziste sou entènèt la kounye a.
- Kouman legliz ou a kapab mennen aktivite pou ki repare youn nan sistèm sa yo nou mansyone anwo a? Nan travay ansanm, sible yon bi konkrè e ki reyalizab pou nou travay sou li nan ane k ap vini an.

Priyè final: Mande moun yo pou yo di ki esperyans gras Bondye ki te rive nan vi yo nan Sesyon peryòd lavan sa yo. Site kado espirityèl w ap bezwen nan nivo endividyèl epi nan nivo yon kongregasyon pou w kapab kontinye pelerinaj sa a nan labirent pou ki fè nou tounen yon kominote legliz tout moun renmen. Finalman ou kapab mande Jezikri pou li abite anndan kè w nèt ale pou w kapab pataje limyè li a ak lòt moun epi limyè Mouvman Jezikri a sou latè.